



Tou pare depi premye jou a



PREMYE JOU LEKÒL !

**Klas 1ye jiska 12yèm ane :
Jedi, 7 septanm**

**Klas matènèl (K0, K1, K2) :
Lendi, 11 septanm**



Anbochaj manm pèsonèl pou pòs ki baze nan lekòl yo

Tablo anba a ilistre pwogrè nou arive fè nan anbochaj pou divès pozisyon kle pou ane skolè 2023-2024 la.

Pòs/Pozisyon	Kantite pòs vid	Kantite ki nan pwosesis anbochaj	Kantite pòs ki ranpli (ane skolè 2023-2024)	Kantite pòs ki bidjete (ki previ) antou (% ki pa ranpli)
Pwofesè	134	88	1419	4.915 (2,7%)
Asistan (Parapwofesyonèl)	107	34	391	2.171 (4,9%)
Sèvis Alimantè (Sèvis Manje)	36	2	50	522 (6,9%)
Lidè Lekòl	0	0	17	117 (0%)
Enfimyè	13	8	29	173 (7,5%)
Spesyalis Sekirite	0	1	2	50 (0%)



Transpòtasyon pare !

Rekritman/Anbochaj manm pèsònèl yo

- 743 chofè bis (jiska 25 out) + 25 k ap antrene
- 675 siveyan (« monitor ») bis + 57 anbochaj an pwosesis
- Kontinye rekritman, anbochaj, ak fòmasyon chofè yo ak siveyan yo pou asire transpòtasyon fyab pou tout elèv

Sèvis Kliyan

- Plis pase 25 manm pèsònèl sèvis kliyan, pami yo : manm pèsònèl miltileng (ki pale plizyè lang), ki pare pou rantre skolè a
- Fanmi yo kapab kontakte ekip Sèvis Kliyan an nan nimewo telefòn 617-635-9520 oswa nan [Pòtay Sipò](#) nou an

Suiv trajè bis ou a !

- "Where's My School Bus" (« Kote Bis Lekòl Mwen an »), sou sit entènèt : schoolbus.bostonpublicschools.org
- Itilize non fanmi paran an/responsab legal la, nimewo idantifikasyon elèv la, dat nesans elèv la pou w ouvri yon sesyon

Nou voye deziyasyon bis yo bay fanmi yo pa lapòs ak nan imel



**N ap
anbochaj
moun !**



Sèvis Manje yo pare !

Yon mizajou sou City Fresh Foods

- N ap kontinye travay avèk yon biznis ki gen yon pwopriyetè nwa, ki baze nan Roxbury
- Engredyen yo sot nan sous lokal , kreye tou fre, chak jou

Gen manje ki fèt sou plas ak sa ki sot nan men vandè

- Nou met anfas pou manje kuit a zewo nan tout lokal ki gen kuizin
- 86 lekòl ap pral fè manje sou plas depi nan premye jou a
- Elèv ki nan lekòl kote ki pa gen kuizin konplè, oswa k ap afwonte divès defi parapò anbochaj, ap resevwa manje ki bon pou sante nan men vandè yo :
 - 36 lekòl ap sèvi divès pake manje fre
 - 22 nan 36 yo ap kòmanse fè manje pa pi ta ke fen novanm
- Ap gen dewoulman divès ba salad pou tout lokal kote y ap kuit manje yo, kote moun ap kapab sèvi pwòp tèt yo
- Ap gen opsyon alal ak kachè k ap disponib pi ta nan ane a



**N ap
anboche
moun !**



Enstalasyon yo pare !

Pandan ete a, ekip enstalasyon yo te travay trè di pou prepare lekòl nou yo :


- Yo te pentire anndan ak deyò
- Yo te fè divès amelyorasyon nan lakou machin yo (paking yo)
- Yo te mete lakou rekreyasyon yo ajou
- Yo te fè netwayaj okonplè nan bilding nou yo
- Yo te renove twalèt yo (k ap kontinye fèt toujou)
- Yo te enstale divès aparèy klimatizè





Sèvis Sante yo pare : Pwotokòl COVID-19 yo

- Nenpòt moun ki manifeste [sentòm COVID-19](#) nan lekòl li ap bezwen ale nan biwo sante a e mete yon mask jiskaske paran li/gadyen responsab li vin chèche l. Manm pèsònèl yo dwe al lakay yo.
 - Moun ap bezwen pran yon twous tèst antijèn rapid san preskripsyon, oswa konsilte founisè swen sante yo
- Nenpòt moun ki dyagnostike avèk COVID-19 ap bezwen suiv [Direktiv yo sou Izolman ak Ekspozisyon](#) e notifye lekòl la oswa enfimyè lekòl la. Rezilta tèst pozitif yo ap rapòte avèk itilizasyon Fòmilè Rapòtaj COVID la ("COVID-19 Reporting Form")
- Nou founi lekòl yo avèk tout kalite gwosè mask jetab (ke w kapab voye jete) ni pou elèv ni pou manm pèsònèl
- Gen yon abondans stasyon ijyèn nan tout bilding lekòl yo pou netwaye men, ki gen anpil materyèl sou lamèn nan tout bilding yo





Afè Akademik yo pare !

Kore Elèv Nou yo

Direktè n yo, pwofesè n yo ak manm pèsònèl nou yo kontan anpil pou yo kòmanse nouvo ane skolè a ! Ane sa a n ap konsantre sou :

1. Ansèyman Solid
2. Kreyasyon yon anviwònman ki akeyi elèv yo e ki soutni yo
3. Angaje elèv yo pou ranfòse prezans yo

Etablisman Divès Ekip Planifikasyon pou Afè Enklizyon

Anplis priyorite sa yo n ap pral lanse divès ekip planifikasyon pou afè enklizyon pou elaji sipò ak sèvis pou elèv yo, kèlkeswa kalite bezwen yo ta genyen.





Byenveni a tout nouvo manm ekip la !



Kay Seale
Chèt Sèvis Espesyalize



Olga Garriga
Asistan Chèt Sèvis ak Sipò
Biwo Sèvis Espesyalize



Lauren Viviani
Asistan Chèt Pwogramasyon Spesyalize
Biwo Sèvis Espesyalize



Byenveni a tout nouvo manm ekip la !



Carolina Armstrong
Asistan Chèf Sipò Ansèyman
**Biwo Edikasyon Miltileng e
Miltikiltirèl**



Brittany Baggett
Asistan Chèf Operasyon ak Kontrandi
**Biwo Edikasyon Miltileng e
Miltikiltirèl**



Byenveni a tout nouvo manm ekip la !



**Francesse Canty
Chèf Kapital Imen (Resous
Imen)**



**Magaly Sanchez
Direktè Jeneral pou
Avansman Fanmi**



Kilès mwen kapab kontakte si m gen plis kesyon ?



Si kesyon w lan patikilye a pitit ou a ak lekòl li :

- Rele lekòl pitit ou a, e mande pou *Ajan Liyezon Fanmi an*
- Ou kapab jwenn anyè lekòl la ak tout enfòmasyon kontak ladan li nan [lyen sa a](#)
- Fanmi yo kapab fè demann entèpretasyon sou plas



Si kesyon w lan patikilye a transpòtasyon :

- Rele Liy Dirèk Depatman Transpòtasyon an nan nimewo telefòn 617-635-9520
- Itilize [pòtay elèv nou an sou entènèt](#)



E si m bezwen plis sipò ?

- Rele *Liy Asistans Lekòl Piblik Boston an* (« *BPS Helpline* ») nan 617-635-8873
- Voyer yon imel bay ekip Spesyalis Miltileng nou yo (ki pale plizyè lang) nan imel : helpline@bostonpublicschools.org